# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–10 जनवरी 2026 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु प्रयागराज पहुंचि के माघ मेला के तइयारियन क समीक्षा कइलें अधिकारियन के साथे समीक्षा बइठकी कइले के बाद मुख्यमंत्री मीडिया से बतियावत कहलें कि प्रसासन के सरधालुअन के सुविधा आ सुरक्षा बदे सज्जो जरूरी इंतिजाम कइले क निरदेस दीहल गइल हौ। उहां के बतवलीं कि प्रसासन पुरहर तत्परता से कार कइ रहल बा। मेला इलाका में भीड़ि प्रबंधन खातिर पब्लिक एड्रेस सिस्टम के क्रियान्वित कइल गइल बा। एकरे सथहीं मेला सेवा ऐप क सुभारम्भ कइल गइल हौ, जेहसे संत लोगिन, कलपवासियन आ सरधालुअन के जरूरी सेवा जुरते मिलि सके।

प्रयागराज दौरा के दौरान मुख्यमंत्री पवित्र संगम में डुबकी लगवलें आ सतुआ बाबा सिविर में जगद्गुरु रामानन्दाचार्य क सात सौ छब्बीसवां जनमोत्सव पर आयोजित कार्यक्रमों में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के सनातन संस्कृति के संवर्धन में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के जोगदान क जिकिरि करत कहलीं–

***देश ने कई प्रधानमंत्री देखे हर एक ने देश के बारे में सोचा होगा। देश के विकास के बारे में योगदान किया होगा। लेकिन भारत की मूल आत्मा को सम्मान मिलना चाहिए। अयोध्या में रामलला फिर से विराजमान होने से यह भाव केवल मोदी जी ने उसको मूर्त रूप दे करके भारत की प्ररंपरा को गौरववानवित किया है।***

मुख्यमंत्री, प्रयागराज में डॉक्टर राजेन्द्र प्रसाद राष्ट्रीय विधि विश्वविद्यालय क भ्रमण कइ के ओइजा चलि रहल निरमाण कार क निरीक्षणो कइलें।

**********

दुनियाभर में आजु विश्व हिंदी दिवस मनावल जा रहल बा। बिदेसन में हिन्दी भासा के बढ़ावा देवे बदे येह दिवस क सुरूआति भइल रहे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सज्जो हिन्दी प्रेमियन के विश्व हिन्दी दिवस क बधाई दिहले हवें। एगो सोसल मीडिया सनेसा में मुख्यमंत्री कहलें कि हिन्दी हम्मन क राष्ट्रीय एकता, समृद्ध संस्कृती आ गौरवसाली परम्परा क दरपण हौ।

**********

विरासत, कला–संस्कृति, विकास, मनोरंजन आ रोजिगार के समाहित करत गोरखपुर में बिहने से गोरखपुर महोत्सव क आयोजन कइल जा रहल बा। गोरखपुर क मण्डलायुक्त अनिल ढींगरा बतवलें कि गोरखपुर महोत्सव क उद्घाटन बिहने दुपहरिया एक बजे पर्यटन आ संस्कृति मंत्री जयवीर सिंह करिहें जबकि तेरह जनौरी के आयोजित औपचारिक समापन समारोह में मुख्य अतिथि के रूप में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मौजूद रहिहें। गोरखपुर महोत्सव में स्थानीय कलाकारन के भरपूर मौका मिली जबकि कई गो नामी कलाकारो एहमें आपन प्रस्तुति दीहें।

**********

परीक्षा पे चर्चा दुइ हजार छब्बीस बदे चारि करोड़ से बेसी ऑनलाइन प्रतिभागी पंजीकरण करवले हवें। केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान आजु एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहले हवें कि परीक्षा पे चर्चा एगो राष्ट्रव्यापी आन्दोलन बनि गइल बा, जेकर उद्देस्य नौजवानन के तनावमुक्त माहौल बनावल हौ।

**********

उत्तर प्रदेश लोक सेवा आयोग बरिस दुइ हजार तेइस क समीक्षा अधिकारी–सहायक समीक्षा अधिकारी मुख्य परीक्षा क संसोधित कार्यक्रम जारी कइले हौ। एकतीस जनौरी आ एक फरौरी के पहिले प्रस्तावित रही परीक्षा अब दुइ आ तीनि फरौरी के होई।

**********

सक्रिय सुशासन अउर योजनन के समय से कार्यान्वियन बदे प्रधानमंत्री क प्रमुख तंत्र प्रगति अपने पचासवां बइठकी के साथे खास उपलब्धि हासिल कइले हौ। प्रधानमंत्री दुइ हजार पनरह में एकर सुभारम्भ कइले रहलें प्रगति क खास श्रृंखला में प्रस्तुत बा प्रधानमंत्री मातृ वंदना योजना पर एगो रिपोर्ट–

***प्रधानमंत्री मातृ वंदना योजना का उद्देश्य गर्भवती और स्तनपान कराने वाली महिलाओं को सहायता प्रदान करना है। इस योजना के तहत महिलाओं को पहले बच्चे के लिए 5000 रुपये और दूसरी संतान अगर लड़की होती है तो 6000 की आर्थिक सहायता दी जाती है। जनवरी 2017 में शुरू हुई इस योजना के तहत अब तक 4 करोड़ से अधिक महिलाओं को 20000 करोड रुपए से ज्यादा की मातृत्व सहायता राशि सीधे उनके बैंक खातों में दी जा चुकी है। दीपेंद्र कुमार आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

**********

प्रदेस क उद्यान आ खाद्य प्रसंस्करण राज्य मंत्री दिनेश प्रताप सिंह कहले हवें कि विकसित भारत–जी–राम–जी विधेयक ग्रामीण भारत बदे इतिहासिक आ दूरदरसीकरण ह। कुशीनगर जिला में बतौर प्रभारी मंत्री विकास कार्य क समीक्षा बइठकी करे आइल दिनेश प्रताप सिंह मीडिया से बतियावत कहलें कि येह विधेयक से ग्रामीण परिवारन के आय में बढ़ोत्तरी होई आ आजीविका ढेरे सुरक्षित बनी।

**********

प्रदेस में चलि रहल कड़ेर ठंडी के बिच्चे आजु कुछु जिलन में भिन्नहीं घना कुहेसा के बाद दुपहरिया में निकरल हल्लुकाहे घाम लोगिन के मामूली राहति दिहले हौ। मौसम विभाग अगिला दुइ दिन में सुस्क मौसम के बिच्चे अधिकतम आ न्यूनतम तापमान में दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस के बढ़ोत्तरी क अनुमान जतवले हौ।

**********